
# नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*



# नहेमायाहक महान दिवार

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Jonathan Hay

*रूपान्तरित*: Mary-Anne S.

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.



फारस एक मजबूत राष्ट्र छल जे जे संसारक उपर राज करलखिंन्ह। आओर राजा अर्तक्षत्र फारस देशक उपर राज कएलाह। ई बात हुनका संसारक सभ सँ मजबूत साशक बना देलिन। राजाक एक महान अs महत्त्वपूर्ण सेवक में सँ एक रहैथि यहूदी पुरूष नहेमायाह। हुनक काज रहिन राजाक भोजनक चख कs देखनाई जाहि सँ केओ हुनक भोजन में जहर नहि मिला दैक।




एक रोज नहेमायाह बहुत उदास चेहरा लऽ कऽ राजाक सन्मुख में अएलाह। राजा जानअ चाहैत छलाह जे हुनका कि भेल छनि। नहेमायाह राजा सँ कहलिन, “हे राजन अहाँ सभ दिन जीवित रहू,“ नहेमायाह कहलिन, “हे राजन हम एहि द्वारें दुःखी छी जाहि नगरि में हमर पूर्वज सभ रहैत छलाह ओहि नगरिक मोकाम सभ ध्वस्त भऽ गेल अछि अऽ ओकर फाटक सभक जरा देबल गेल अछि“ नहेमायाह यरूशलेमक प्रति बाएज रहल छलाह, जकर दुर्दशा युद्धक कारणें बरखों पहिने भऽ गेल छल।
3
राजा अर्तक्षत्र पूछलखिंन्ह, “अहाँ कि करअ चाहैत छी ? हमरा यरूशलेम जाय दिअ जाहि हम दोवारा ओकरा बना सकि“। नहेमायाह राजा सँ याचना करलखिंन्ह। राजा अर्तक्षत्र नहेमायाहक बातक उपर तैयार भऽ गेलाह, अऽ हुनक जाय के इन्तजाम कऽ देलिन, अऽ एक सरकारी पत्र लिख कऽ यरूशलेम तक यात्रा में हुनक सुरक्षाक उपाय कऽ देलिन।
4
राजा नहेमायाहक आओर बढ़ि कऽ सहायता करलखिंन्ह। ओ नहेमायाहक एक पत्र आसापक नाम सँ देलखिंन्ह जे राजाक जंगलक देखभाल करयबला रहैथि। राजा आशापक आदेश दऽ देलिन जतैक लकड़ीक आवश्यकता नगरिक देवारक बनाबय में लागतय हुनका दऽ देबिन।
5
जहन नहेमायाह यरूशलेम पहुँचलाह ओ नगरिक अधिकारी सभक जौर कऽ कऽ कहलिन, “हमरा सभ एहिठाम तकलीफ में छी। नगरिक तऽ दुर्दशा भऽ गेल अछि समस्त फाटक सभ जरि गेल अछि। “आऊँ हमरा सभ मिल कऽ एकरा पुनः बनाबि।“ ओ हुनका सभक कहलिन राजा अर्तक्षत्र सहायता करबाक लेल तैयार छथि अऽ सभ सँ बड़ि कऽ अछि जे परमेश्वर हमरा सभक संगे में छथि।
6
नहेमायाहक विश्वास आओर उत्साह लोकक प्रेरणाक श्रोत अछि। ओ सभ तैयार हुनक बातक उपर तैयार भऽ गेलाह, आऊँ हमरा सभ मिल कऽ पुनः बनाबि“ नहेमायाह हरएक परिवारक कहलिन जे ओ सभ देवारक उपर रद्दा दैक।
7
मुदा सभ केओ देवारक पुनः बनयबाक लेल तैयार नहि भेलाह। एक मनुख जिनक नाम सम्बल्लत रहिन आओर हुनक दुटा दोस्त तोबिय्याह आओर गैशेम जे सभ यहूदी नहि रहैथि ओ सभ नहि चाहैत छलाह जे देबार बनैक आओर फाटक सभ पुनः लग जाएक।
8


अऽ जेना, जेना काज आगाँ बढ़अ लागलैक सम्वल्लत बहुत
क्रोधीत भऽ गेलाह। ओ अओ हुनक दोस्त सभ मिल कऽ
यहूदी सभक डांटलिन। तोबिय्याह कहलिन, जहन इ सभ बनि
कऽ तैयार भऽ जाएत तऽ ई छोट दिवारक छोट लोमड़ी खसा
कऽ चकनाचूर कऽ देतैक। नहेमायाह एहि बातक किछु उत्तर
नहि देलिन, मुदा ओ तऽ प्रार्थना करअ
लागलखिंन्ह
जे परमेश्वर हुनका सभक
सदबुद्धि दैक।
9
हुनका सभक चीड़ दियौनाई हुनका सभक उपर कोनो प्रभाव
नहि डाललक, ओ सभ पुनः एक संगे जौर भऽ कऽ
यरूशलेमक विरोध में लड़ाई छेड़ देलिन,
ओ सभ जे किछु समश्या पैदा कऽ
सकैत छथि ओ सभ करताह।
10
पुनः नहेमायाह परमेश्वरक सहायाता हेतू प्रार्थना
करलखिंन्ह। ओ दरबानक राति दिन नियुक्त
कऽ देलिन जाहि सँ हुनका सभक लेल
कोनो आश्चर्यक बात नहि हुएक।
11
यहूदी सभ बहुत मेहनत करलखिंन्ह अऽ ओ
सभ बहुत थाकि गेल रहैथि। किछु लोक बहुत
डेरा गेल छलाह जे काज करैत काल में दुश्मन
आएब कऽ हुनका सभ कऽ
हत्या कऽ सकैत छथि।
एतना भेलाक बादो नहेमायाह
काजक नहि रोकलखिंन्ह।
ओ काज करयबलाक लग
पास में दरबानक नियुक्त
कऽ देलिन आओर हुनका
सभक याद दिऔलिन जे
परमेश्वर हुनका संगे छनि
ओ दुश्मन सँ बेसी
शक्तिशाली छथि।
12
नहेमायाह एकटा निक उदाहरण बनबाक कोशिश कएलिन।
राजा अर्तक्षत्र हुनका यरूशलेमक राज्यपाल बना देलिन अऽ
ई अधिकारक साथ जे ओ जनता सँ भोजन अऽ पाय मांग
सकैत छथि, मुदा ओ एहन नहि कएलाएथि। ओ बस कड़ी
मिहनत कऽ कऽ लोकक संगे मिल कऽ
देबारक बनाबैत छलाह। ओ अपन पाय
सँ भोजन मंगाबैत छलाह।
13
अन्तोगत्त्वा, लोक सभ देवारक तैयार कऽ देलिन, अब खाली
दरबाजक द्वारि में लगयबाक छल। जहन सम्बल्लत,
तोबिय्याह आओर गेशेम एहि समादक सुनलिन जे अब
देवारक बीच में कोनो दरार नहि अछि तहन ओ सभ
नहेमायाहक हानी पहुँचयबाक योजना बनौलिन।
14

















नहेमायाहक महान दिवार

*परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल*

*अहाँक द्व*

नहेमायाह

*ऋका क और प्रवे करवैत अछि।*
*भजन संहिता* 119:130




35 60



इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।

परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ̈कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ̈यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ̈इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकाुली (फाँसी) पर चढाअ ̈ल जाए। आओौर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओौर अ ̈ फेर द ̈सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।

अपने ल ̈कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।

प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुन:यानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओौर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।

ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना 3:16